Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 32 (7276)
4 август 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багъа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Диниял суалазе - эркенлъи

## ГIолилазе пайдаяб слет

Араб анкьалда «АхIулгохI» комплексалъул ракьалда букIана гIолилазул диниял суалал рорхараб слет. I8-25 саназде гIумро бахарал I40 гIан республикаялъул батIи-батIиял миллатазул гIолилал гIахьаллъана гьенир. Тадбир гIуцIаралльун цере рахъана РДялъул диниял ишазул рахъалъ Комитет, цадахъго гIахьаллъи гьабуна киналго диназул; исламалъул, христианствалъул, иудизмалъул вакилзабаз. Комитеталъул вакил М. МикагIиловас бихьизабуна гьаб тадбир гьадин тIобитIулеб бугин ункъабилеб нухалъ, гIуцIун бугин межконфессионалиял гьоркьорлъаби рекъезариялъе ва тарихалъулаб хъвай-хъвагIай гьабиялъе,-абун.



Тадбиралда гIахьаллъана РДялъул лъай кьеялъул министерствалъул вакил ГI. Гереев, РДялъул намусалъул эркенлъиялъул ва диниял организациялгун рекъон хIалт1и бачиналъул Комитеталъул ва цогидалги организациязул нухмалъулел.

Гьалбадерида цеве кIалъана районалъул спорталъул ва туризмалъул отделалъул нач. А. МухIастанов, цогояб информационнияб отделалъул нач. М-Н. ХIайбулаев. Гьенибго гIолилазе лекциягун цеве вахъана МикагIил МикагIилов. Гьеб бухьараб букIана тарихалда, Кавказалъул рагъалда. Гьес тIадчIей гьабуна хадурккун гьединал рагъал риччангутIи нилъеда бараб бугин, бихьизабуна диниял суалазда хурхун цоцалъ тушманлъи ккеялдаса цIунизе кколин.

Ахиралда «АхIулгохI» мемориалияб комплексалде гьабуна экскурсия. Гьеб гьабуна комплексалъул директор С-М. ГIалиевас. Гьалбадерил лъикIаб ракIалде щвей хутIана сапаралдаса хадуб.

Дагъистаналъул Конституция

## Дагъистаналъул миллияб праздник



Дагъистаналъул Конституциялъул Къо – 26 июлалда республикаялъул культураялъул Министерствоялъул Халкъияб творчетвалъул Рокъоб тIобитIана халкъиял промыслабазул ва гIадатазул культураялъул фестиваль. Къаде кванил гIуж щвелалде МахIачхъалаялъул централияб площадалда байбихьана «Мой Дагестан» абураб Россиялъул гIадатазул культураялъул Центразул творческиял коллективазул творческиял концертал. Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул фольклорнияб коллективалъги. Фестивалалда вукIана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовги.

Фестивалалъул гIахьалчагIазда гьоркьор рукIана жалго лъикIал лъугьун гIуцIарал, гьединго пачалихъиялги коллективал, Тверский казаказул кочIол, «Айланай» ва «Каспий» ансамблял. Фестивалалда кучIдул ахIана миллиял мацIазда, пандуралда, хъумусалда, къолода, аккордионалда рачана халкъиял бакънал.

Гьединго площадалда гIуцIун букIана «Родники Дагестана» абурал I4 азбарал. Гьел хIадурана Унсоколо, Ахты, ГIахъуша, Агуль, Дахадаев, Буйнакск, Лаваша, Хайдакъ, Лак, Гъаякент, Кули, Рутуль, Сергохъала, Кумторкала, Новолак, Хасавюрт, Хунзахъ, Болъихъ, Тарумов, Гъизляр, Нугъай, МухIарамкент, ЛъаратIа, Сулейман-Стальск, Табасаран, Хив, Дербент районаз ва Дербент, Гъизляр шагьараз.

Балагьизе рачIаразда бихьизе рес букIана миллияб ретIел, музыкалиял инструментал, некIсияб рукъалъул къайи-цIа, ювелирниял, рагъул алатазул искусство, цIулада ишан кьабиялъул махщел, къанил, керамикаялъул, халичаби рессиялъул ва цогидалги халкъиял промыслабазул махщелал. Гьелъул мастераз умумазул миллияб ретIелги ретIун бихьизабуна щибал махщелазул балъголъаби, тIагIелал гьарулеб куц, ай тIобитIана мастер-класс.

Тадбир тIобитIана Дагъистаналул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул бихьизабиялда рекъон.

# ГI. М. НурмухIамадовасе - тIадегIанаб шапакъат

Р. ГIабдулатIиповасул хIаракаталдалъун араб соналда АхIулгохIда дандбитIун хIалуцадго унел рукIана Кавказалъул рагъул бахIарзал ракIалде щвеялъе тарихиябгун мемориалияб комплекс бай. ХIалтIул ишалда хадуб хал ккун букIана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьал къоязда РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул Указалда рекъон ГI. НурмухIамадовасе кьуна «За заслуги перед Республикой Дагестан» абураб орден. Гьал къоязда гьеб тIадегIанаб шапакъат баркизе бетIергун данчIвана райадминистрациялъул коллектив.



Гьадин абулеб буго ГI. НурмухIамадовасда коллективалъ гьабураб баркиялда.

**«ХIурматияв ГIиса МухIамадович!**

РакI-ракIалъ баркула Дуда пачалихъияб шапакъат «За заслуги перед Республикой Дагестан» орден. Гьеб буго Дур профессионалияб махщалихъ, ишалъе кьураб ракIалъухъ Дуе кьураб кIудияб къимат. ТIадегIанаб пачалихъияб шапакъат щвеялъ цойги нухалъ бихьизабулеб буго Дур нухмалъиялъулаб гвангъараб махщалил. Дур Унсоколо район цебетIеялъе лъолеб щибаб къойилаб хIаракатаб ва конструктивияб хIалтIул хIасил ккола гьеб.

Гьарула Дуе щулияб сахлъи, талихI, битIккей, гIумроялъулаб къуват, оптимизм, жавабияб хIалтIулъ анищал тIурай! Дур лъаялъ ва хIалбихьиялъ рес кьезе буго хадубккунги районалъул, гьелдаго цадахъ улкаялъул экономикиябгун политикияб ахIвал-хIал цебетIеялъе»,- абун.

(ЦIале 3 гъумералда)

Райадминистрациялъул залалда букIана республикаялъул избирательнияб комиссиялъул секретарь Х. Халидовасулгун районалъул избирательниялгун участковиял комиссиязул членазулгун дандчIвай. Гьес бихьизабуна цебе тIобитIулаанин рищиял гьариялъе квербакъулел цIализариялъул тадбирал, жакъа гьабизе бугин гьединабго магIнаялъул ишалъе тестирование,-абун. Киналго избирательниял участкабазул членаз гIахьаллъи гьабула тестированиялъулъ ва гьеб лъикI ана.

## Праздник кIодо гьабуна



Унсоколо районалъул администрациялъул конференц-залалда тIобитIана Дагъистаналъул Конституциялъул къоялда хурхун рохалилаб тадбир. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадов, гьесул заместителал Муи ХIасанова, Сиражудин Арулмагомедов, бетIерасул кумекчагIи МухIамад ХIажиев, Раисат ХIайбулаева, ва гь.ц.

-Аслияб закон цIуни ккола патриотлъун вукIин. Патриотизм ккола гражданазул жавабчилъи, гьеб байбихьула гьитIиналдасан: жиндирго рукъалдасан, гIагарлъиялдасан, районалдасан. ГIун бачIунеб гIелалъе гьелъул бичIчIигун тарбия кьезе хIажат буго нилъее. Гьеб мехалъ кIола нилъеда метерисеб къоялда ракIчIун рукIине, цIиял мухIканал проектал тIиритIизаризе, хозяйстваби камилъизаризе ва цебетIезаризе, бажарула гIумру гьабун битIараб къвакIараб пачалихълъиялда цебетIураб гражданазул жамгIиятгун.

Пасихlаб ракIчIей буго нилъер районалъул гIадамаз щибаб къойил гьеб цIикIинабуни нилъеда бажарилин цере ругел масъалаби рорхизеги, бергьенлъиялде нилъерго пачалихълъи цIазеги. Экономика, гIадамазул хIаракатчилъи, рекъел маслихIатчилъиги борхинабизе. Гьаб кIудияб праздникалъул къоялда гьарула киназего баркат, сахлъи, ракълилаб гIумро ва цебетIей.

## Информационное сообщение о приватизации муниципального имущества

На основании Постановления Главы администрации МО «Унцукульский район» от 12.07.2017 г. № 71 на конкурсной основе путем проведения открытого по составу участников аукциона проводится приватизация имущества, являющегося собственностью МО «Унцукульский район».

ЛОТ№ 1 Автомобиль Мерседес-бенц G 500, год выпуска 2003, государственный регистрационный знак Н669МВ 05 ру, модель, идентификационный номер (VIN): WDCYR49E43X135549, , цвет кузова «Белый», начальная цена -283 300руб. ;

Способ приватизации – открытий аукцион;

Форма подачи заявок – закрытая (в конвертах);

Размер задатка 20% от первоначальной стоимости лота: ЛОТ№1 – 28 330 руб.,. вносится в кассу администрации МО «Унцукульский район» до конца периода подачи заявок;

Заявки подаются со дня публикации настоящего информационного сообщения до 16.08.2017 г. по адресу организаторов торгов – п. Шамилькала Унцукульского района здание администрации МО «Унцукульский район», 1-й этаж, кабинет отдела МКУ земельно-кадастровых и имущественных отношений МО «Унцукульский район» в рабочее время с 9-00 до 18-00;

Рассмотрение заявок на участие в аукционе состоится 22.08. 2017 г. в 10 часов в кабинете организатора торгов;

Проведение аукциона - вскрытие конвертов с предложениями цены и подведение итогов –23.08. 2017 г. в 11 часов в кабинете организатора торгов;

Заключение договоров купли-продажи состоится 24 .08. 2017 г.;

Перечень подаваемых документов указан в аукционной документации, а также может быть представлен бесплатно организатором торгов;

Подробно ознакомиться с аукционной документацией можно на сайте в сети интернет по адресу **http://torgi.gov.ru;**

Победителем признается претендент, предложивший наибольшую цену за предмет торгов.

Лъимал - коррупциялде данде

# Квешалъул кьибил кьучIдасанго бакъвазе

МуниципалитеталъулбетIер ГI. НурмахIамадовасул нухмалъиялда гъоркь гIолеб гIелалда гьоркьоб тарбия кьеялъул хIалтIи гьабиялъул мурадалда цIикIкIараб хIалтIи гьабулеб буго районалъул администрациялъ. Гьедин ахирияб лъабго соналда жаниб кIиго нухалъ цIикIкIана районалда медалистазул къадар. Исана гьезул къадар бахана 3I чиясде. Дагьал церегIан къоязда букIана гьел кIодо гьариялде буссараб данделъи. Гьенир гьезие рохалилаб ахIвал-хIалалда кьуна медалал, гьабуна тIагIамаб гIодорчIей. Гьеб гуребги районалъул бетIерас гIемер тIоритIула школлъималазулгун дандчIваял, цIикIкIараб кIвар кьола гьезие моралиябгун гIамал-хасияталъул тарбия кьеялде. «Лъимал ккола нилъер букIинесеб»,-ян гIемер абула гьес. Гьединго киналго лъай кьеялъул учреждениязда чIахIиял классазда гьоркьоб хIаракаталда гIуцIун гьабулеб буго цIалдохъабазда ва эбел-инсуда гьоркьоб коррупциялде данде чIеялде буссараб хIалтIи. Гьелъие гIилла ккола исана школа лъугIун хадур гьел чIахIиязул гIумруялде лъугьине рукIин, ай личносталлъун рахъине рукIин, кIудияб кIвар буго гIумродул байбихьуда гьединал малъа-хъваязул, гьезул гIакълу битIараб рахънибе ккезабиялъул мурадалда.

Гьедин май моцIалда чIахIиял классазда гьаруна «Сказать коррупцию – нет», «Коррупция – бомба замедленного действия», «Коррупция; что это такое?» ва цогидалги темабазда. – Гьел дарсазда учительзабаз цIалдохъабазда бицана нормативиябгун правовияб базаялъул, ай пачалихъияб закон цIунизе ккеялъул. Гьелъул мурад букIана гIолеб гIелалъулъ коррупциялде данде чIараб пикру куцай. Гьеб гуребги цIалул соналда жаниб цIалдохъабазе гIуцIун букIана «Правонарушение в мультфильмах» абураб кантIизариялъул видеороликазухъ балагьи. Гьелъухъ балагьун хадуб тIобитIана гьебго темаялда викторинаби, гьезие битIун жавабал кьуна цIалдохъабаз.

9 декабралда Халкъазда гьоркьосеб коррупциялде данде къеркьеялъул къоялъ районалъул школазда коррупциялда хурхун тIоритIана классалъул сагIтал, рагьарал дарсал, суратал, плакатал рахъиялъул конкурс. Гьелъул мурад букIана коррупциялъул нахъегIанлъи гIолеб гIелалда бичIчIи. Гьедин Генуб гьоркьохъеб школалда бакIалъулав участковойги гIахьаллъун тIобитIана «Мы против коррупции»,-абураб темаялда классалъул сагIат. Рихьуни школалда тIобитIана «Стоп коррупции»,-абураб суратал рахъиялъул конкурс. Гьелъулъ гъираялда гIахьаллъи гьабуна цIалдохъабаз. Гьезул хIалтIаби гьабсагIаталдаги учреждениялъул фоеялда лъун руго.

Районалъул школазда 9 классазда гьоркьор «Место коррупции в современном мире»,-абураб темаялда тIобитIана сочинение хъвайги. Гьединго гьаруна анкетирование «Что я думаю о коррупции»,-абураб темаялда. Гьединго коррупциялде данде чIарал темабазда педагогаз тIоритIула эбел-инсулгун гара-чIвариял. Сайталда лъун руго коррупциялде данде чIараб хIалтIул нормативиял документалгун цадахъ информация. БакIазул фоеязда лъун руго коррупциялда хурхун гIадамаз суалал жанире рехизе ящикал.

*Тарбия кьей - аслияб масъала*

# ЧIахIиязул мисалалдалъун куцазин

Аби буго инсанасул гIумрудул къоял кIиго бутIаялде рикьулилан: цо живго бетIергьанал къоял, кIиабилеб – хадусеб гIел, жиндирго наслу лъикI букIиналъе гIоло къеркьолаго унеб. ТIоцебесеб бутIаялда кигIан гIемерал къварилъаби, захIмалъаби дандчIваниги, чиясул хьул букIуна жиндир наслуги лъикI букIинилан. Гьединал хьулазда ана гIумро жидер мунагьал чураял нилъер умумазул. Хасго гьеб лъикI лъала чIахIияб гIелалда. Гьанже кIудияб гIумроялде жал рахун ругел, дол рагъул ва рагъда хадусел соназда лъимерлъиялъул ригьалда рукIаразда гурони гьеб бицун бичIчIуларо. Эмен гьечIолъи лъазе течIого, жалго ракъун-къечон чIун, хьихьана улбуз лъимал. Жидеего босун букIараб дагьаб бугониги ретIелги, гIарац-меседалъул къайиги бичун лъазе течIо лъималазда ракъиги ратIликълъиги. Иман-яхIалда, намусалда куцарал умумаздасан жидее тарбия щварал нилъер улбуз Аллагьасдаги гIадамаздаги цебе тIадегIанаб даражаялда цIунана жидерго къадруги къиматги, лъималазда цебе эбел-инсул налъиги.

Лъималазе гьитIинго битIараб нухалда тарбия кьезе кколин абураб жоялда киналго тIад рекъола. Гьеб битIараб нух тIаса бищизе лъангутIиялъ хIасилалги пашманал кьолел руго.

Нилъ, чIахIияб гIел нугIзаллъун руго доб гучаб, къуватаб СССР биххиялъе. Гьебги биххана щибго гIакъуба бихьичIого, къватIиселги нилъерго жаниселги цо хассал къукъабиги данделъун. Биххана, бикъана, тIутIуна, бикьана бичана гIадатияв инсан рекIеда ватилалде улкаялъул бицине лъалареб жо гьабуна, гьабсагIат гьабулебги буго.

Жакъасел террористалги, наркоманалги цIогьалги, гьекъолдухъабиги гIемерисел СССР биххулел соназ саназде рахун рукIинчIел, школалда яги рукъоб тарбия щвечIел гIадамал ккола.

Суал бачIунеб буго, лъимал – нилъер букIинесеб кколеб батани, Россиялъул къисмат кинабдай бук1инеб,-ян. 25 соналдасаги цIикIкIун заман ана Союз биххаралдаса. Бихьулеб буго соналдаса соналде, хIинцго галаби тIамулел рукIаниги нилъ церехун захIмалъаби къезарулаго унел рукIин.

Советияб пачалихъ биххарал соназда гьарурал лъимал балугълъиялде рахана, районаздаги батIи-батIиял идарабаздаги нухмалъиялде рачIун руго гIолохъанаб гIелалъул вакилзаби. Депутаталлъунги законал хIадур гьарулел идарабаздаги гIемерал руго цебе аралъул пикро-санго гьабуларел гIадамал. Гьездаги гьезул хадусел наслабаздаги лъан букIине нилъеца, бихьараз, бицинеги хъван тезеги ккола цебе букIаралъул мухIканаб тарих.

**(Ахир 4 гьумералда)**

# Район туризмалъул рахъалъ цебетIеялъе

1 августалда районалде рачIун рукIана РДялъул туризмалъул ва халкъиял художественниял промыслабазул министр Закаева Рабият АхIмадовна. Гьелда цадахъ рукIана туристлъиялъулгун рекреационнияб церетIеялъул комплексалъул управлениялъул нач. Халимбегова Муслимат ва министрасул кумекчи, РФялъул мустахIикъав художник, РДялъул искусствалъул мустахIикъав хIаракатчи, Унсоколо росулъа ХIамзат ГъазимухIамадов ва цогидалги. ДандчIвай ана муниципалитетазда лъикIаб туристазул организациялъул тIолгореспубликаялъул конкурс тIобитIиялъул рамкаялда жаниб.

ГьалбадеридадандчIвана районалъул бетIерасул зам. М. ХIасанова, бетIерасул кумекчагIи Р. ХIайбулаева, М-Н ХIайбулаев, гIолилазул отделалъул нач. А. МухIастанов.

ДандчIваялда делегация балагьана районалда бугеб туристическияб базаялъухъ, щвана АхIулгохIде, хIалтIаби гьаруна районалда туристлъиялъул маршрут рагьиялъе. АхIулгохIда комплексалъул нухмалъулев С. ГIалиевас делегациялъе гьабуна экскурсия.

**(Ахир 4 гьумералда)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№32 (7176)*
*4 август 2017 сон*

3 гъумер

По данным Пенсионного фонда России, сегодня в стране насчитывается 43 млн пенсионеров, из них примерно треть продолжают работать.
В Дагестане работающих пенсионеров, которых коснулась индексация 122 тысячи человек, сообщает пресс-служба ПФР республики. Стоит сказать, что размер выплат этой категории граждан с 1 августа увеличится примерно на 200 рублей. Всего по России это повышение коснется около 14,3 миллионов пожилых граждан и инвалидов.

# Они этого заслужили



26 июля, в День Конституции Республики Дагестан, Глава республики Рамазан Абдулатипов провел в махачкалинском Доме дружбы торжественную церемонию вручения государственных наград и премий. В число награжденных вошли и наши земляки.
За активное участие в строительстве мемориального комплекса «Ахульго» были награждены государственными наградами:
-Орденом «За заслуги перед Республикой Дагестан» Нурмагомедов Иса Магомедович -глава МО «Унцукульский район»,
- Почетным знаком Республики Дагестан «За любовь к родной земле» Магомедалиев Магомедали Гамзатович - прораб общества с ограниченной ответственностью «Таврия» и Магомедов Магомед Абдулмаджидович - депутат Народного Собрания Республики Дагестан.Присвоены почетные звания: «Заслуженный строитель Республики Дагестан»Дибирову Магомеду Дибировичу - генеральному директору общества с ограниченной ответственностью «Таврия» и Ибрагимову Умухану Тумалмагомедовичу - мастеру общества с ограниченной ответственностью «Таврия»
От имени всех работников администрации МО «Унцукульский район», депутатов районного Собрания сердечно поздравляем вас с награждением высокими государственными наградами. Примите искренние пожелания крепкого здоровья и благополучия, дальнейших успехов в вашей деятельности на благо жителей Унцукульского района Республики Дагестан и нашей страны.

# Для сведения гражданам РФ

Миграционный пункт ОМВД России по Унцукульскому району напоминает о возможности получения государственных услуг по вопросам миграции через единый портал государственных услуг –www. gosulugi.ru единый портал государственных и муниципальных услуг дал возможность гражданам, не отходя от компьютера, подключенного к сети Интернет, подавать заявления в электронном виде. На портале размещена вся необходимая информация о государственных органах, государственных услугах, которые они оказывают гражданам, образцы и формы заявлений, порядок их подачи в государственные органы.
В наш орган вы можете подать электронное заявление для получения и замены паспорта гражданина РФ, а также для регистрации по месту жительства и по месту пребывания и снятии с регистрационного учета граждан Российской Федерации на территории РФ.
Необходимо понимать, что заявление, поданное в электронном виде, обладает той же юридической силой и влечет за собой такие же юридические последствия, что и заявление, поданное лично.
Ждем от Вас заявлений в электронном виде и готовы оказать Вам государственные услуги на высоком уровне.

**Ш. ГАМЗАТОВ.**
**И. о начальника МП ОМВД России по Унцукульскому району.**

# Золотую медалистку XXIII Сурдлимпийских игр Заиру Атаеву чествовали в Санкт-Петербурге

25 июля в санкт-петербургском аэропорту «Пулково» призеров XXIII Сурдлимпийских игр дзюдоистов Заиру Атаеву и Сергея Беляева встречали сотрудники городского Комитета по физической культуре и спорту, Представительства Республики Дагестан в Санкт-Петербурге, члены Содружества дагестанской молодежи, наставники Леонид Богданов и Наталья Колодкина, родные, близкие и друзья спортсменов, представители средств массовой информации.
Встречающие поздравили сурдлимпийских чемпионов с заслуженной победой, солистами дагестанского ансамбля национальной культуры Кавказа «Дружба» для них был исполнен танец «Лезгинка».
Обладательница золотой медали Заира Атаева выразила благодарность тренеру Леониду Богданову, родителям, постпредству республики и землякам за поддержку. Говоря о ближайших планах, спортсменка сказала, что в скором времени собирается поехать в Дагестан, затем вновь приступить к тренировкам, так как впереди новые соревнования.
Напомним, что в XXIII Сурдлимпийских летних играх, проходящих с 18 по 30 июля в г. Самсуне (Турция), дагестанцы из Санкт-Петербурга Заира Атаева и Руслан Аскеров удостоились золотых медалей. Серебряными призерами стали Инна Танашева, Курбан Муртазалиев, Мурад Магомедилаев, а также Руслан Аскеров в командном зачете.

# Информация о проведении Министерством труда и социального развития РД независимой оценки качества оказания услуг организациями социального обслуживания.



В соответствии со статьей 23.1 Федерального закона от 28.12.2013г. № 442 «Об основах социального обслуживания граждан в РФ» (далее-Закон) независимая оценка качества оказания услуг организациями социального обслуживания является одной из форм общественного контроля и проводиться в целях предоставления получателям социальных услуг информации о качестве оказания услуг организациями социального обслуживания, а также в целях повышения качества их деятельности.
Независимая оценка качества работы организаций, оказывающих социальные услуги, предусматривает оценку оказания услуг по таким общим критериям, как:
открытость и доступность информации об организации социального обслуживания;
комфортность условий предоставления социальных услуг и доступность их получения;
время ожидания предоставления социальной услуги;
доброжелательность, вежливость, компетентность работников организаций социального обслуживания;
удовлетворенность качеством оказания услуг.
При проведении независимой оценки качества услуг в сфере социального обслуживания используется общедоступная информация об организациях социального обслуживания населения Республики Дагестан, размещаемая также в форме открытых данных.
В целя создания условий для организации проведения независимой оценки качества оказания услуг Минтрудом РД с участием общественных организаций сформирован общественный совет по проведению независимой оценки качества и утверждено положение о ним.
Указанным общественным советом:
определен перечень организаций социального обслуживания населения Республики Дагестан, в отношении которых проводится независимая оценка;
сформированы предложения для разработки технического задания для организации, которая осуществляет сбор, обобщение и анализ информации о качестве оказания услуг организациями социального обслуживания ( далее-оператор).
Заключение государственного контракта на выполнение работ, оказание услуг по сбору, обобщению и анализу информации о качестве оказания услуг организациями социального обслуживания осуществляется в соответствии с законодательством о контрактной системе в сфере закупок товаров, работ, услуг для обеспечения государственных нужд. Минтрудом РД по результатам заключения соответствующего контракта оформлено решение об определении оператора, ответственного за проведение независимой оценки качества- Дагестанской республиканской организации Общероссийской общественной организации «Всероссийское общество инвалидов».
По результатам работы, проведенной оператором, и представления в Минтруд РД соответствующей информации, будет сформирован рейтинг учреждений социального обслуживания, а также выработаны меры по совершенствованию деятельности указанных организаций, а лучшей организации будет вручен переходящий кубок Минтруда РД.
Информация о результатах независимой оценки организациями социального обслуживания будут размещены на официальном сайте Минтруда РД в сети «Интернет», а также на сайте ГМУ с обеспечением технической возможности выражения мнений получателями услуг и иными гражданами о качестве оказания этих услуг.

**Управление социального обслуживания Минтруда РД**

# ЧIахIиязул мисалалдалъун куцазин

АбичIого гIоларо, балагьеха сверухъ. Ресалде рачIун руго гIадамал. Рецц Аллагьасе, лъикI хьихьун руго нилъ, амма нилъеца щукро гьабулеб гьечIо Аллагьасе. Хасго гIун бачIунеб гIелалда ккун буго цебесеб гIелги жалго гIадин лъикI рукIун ратилилан.

Хал гьабизинха бугеб ахIвал-хIалалъухъ: г1ун бачIунеб гIел ругьунлъун буго щибго гIакъуба бихьичIого гIумро гьабизе. ХIалтIи гьечIилан ахIделелги рукIуна, лъикIалдаса лъикIал машинабиги гъоркь рекIун рукIуна, кваналебги бокьа-бокьараб букIуна, телефоназул цIарго бахъиларин. Аллагьас лъикI хьихьун руго, баракат лъеги ругезда. Квеш ккараб жо буго лъаралдаги бихьаралдаги гIамал рекъезабунгутIи.

Зигараялъ хабаде унагоги, ясли-школалде унагоги, как-диналде хьвадулагоги машинаги гьечIого унел ругони аб къаркъала квегъи киндай букIунеб?.

ЧIахIияб гIел дагь-дагьккун цебеса унеб буго, гьездасан пайда босиги лъугIунго унеб буго, гьеб мехалъ бачIунеб гIел лъица куцазе бугеб?

Щай бегьулареб телевидениялдасан, газеталдасан цереги рахъун гургинаб столалда нахъаги чIун гIолилазда гьоркьоб батIаго, чIахIиязда гьоркьоб батIаго, цадахъго, гьединго руччабазда гьоркьобги бахIсал тIоритIизе.

Киназего бокьун буго жинда хъвачIого цогидас хIалтIи гьабизе. Гьедин гурони нилъеца гIумро гьабулеб гьечIони нилъер ракI бухIизе буго. РачIа нахъ бахъун течIого, киналго цадахъ рекъон тарбияги кьун гIадан куцаялда, гьесул тIабигIат берцин гьабиялда тIад хIалтIизин. Рихьдае гьабулеб гIамалги тун иманияб рахъги цебе бачун нафс квегъизе лъугьинин. Унеб бугеб гIумро гIадада анилан хадуб ракI бухIичIого букIине Аллагь разилъулеб хIалалъ гьеб тIобитIизе тавпикъ кьеги нилъер щивасе!

**Сулейман МУХIАМАДОВ.**
**Пенсионер**

# *Баркалаялъул кагъат*

МахIачхъалаялдаса гIагараб росулъе тIад вуссунаго машинаги хун Рихьуни лъалхъана дун. Лъалев-хъвалев чи гьечIониги гьеб къачIазе ва гьелъие къваригIарал запчастал росизе дун ана аскIобегIан бугеб мастерскаялде. Саламги кьун мурад бициндал гьенир ратарал гIолохъабаз дида абуна, ургъел ккогейин, гьобол, нилъеца кинабгоги тIубан нухда регIилин мун,-абун. ХIакъикъаталдаги гьез дун сундего ваккизе течIо. Къаси сагIат I2 тIубазегIан лъабавго гьел гIолохъабаз машина къачIана, запчасталги жидецаго росун хисана ва копейкгIаги гIарацги дихъа босичIо. ТIадежоялъе аскIоб бугеб кафеялдеги вачун кваназавуна, гьаб бугин жиндир вацасул кафейилан.

Гьел кколел ругоан ГIабдурахIманги, ГIабдулагьгги, Маратги. ТIоцевесев цIалулев вукIун вуго нижер районалъул «МочIолъ» бугеб исламияб институталда. Гьезул гIаданлъиги адаб-хIурматги бихьидал гIемераб жоялде кантIизавуна дун. Дида лъана жеги магIарулазулъ чIаго рукIин нилъее хасиятал гьобол-гьудул вокьиги, гIаданлъи-намусги, хIажаталъур кумекалъе ратиги жиделъ бугел унго-унгоял магIарулал. Гьезие гьабизе кIолеб тIокIаб гIаданлъиги батичIого, хIукму ккана газеталдасангIаги гьезие баркала кьелин, гьединал гIадамал гIемерлъагиян дугIа-алхIамулъулъ рехселин, дун гIадин жидедаса Аллагьги разилъагиян гьарилин. Баркала нужее, жакъаялдаса дица вацаллъун тезе ругел ГIабдурахIманги, ГIабдулагьги, Маратги!

**Кидагосеб нужер адабгун Шамил районалъул**
**Лъахъ росулъа Шамилов ХIажи.**

# Район туризмалъул рахъалъ цебетIеялъе



Гьенибго бицана рихьундерил хIорихъ ва рагIаллъиялда балагьулезе площадкаби гьариялъул. Районалъул берцинлъиялъ хIайран гьарун рукIана гьалбал. Р. Закаеваlъул рагIабазда рекъон район кинабго рахъалъ данде кколеб буго туризмалъул маршруталъе.

«Конкурс тIобитIизе буго Дагъистаналъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул республикаялда туристлъиялъулаб рахъалъ лъикIаб имидж лъугьиналъе, гьеб цебетIеялъе инвестициял рачIиналъе, туристлъиялъул ва экскурсиязул хъулухъазул конкурентоспособность Дагъистаналдаго борхиялъе, гьединго район цогидал муниципалиял гIуцIабазда гьоркьоб туристлъиялъе бищунго рахъи кьолеблъун, мисал тIибитIизабулеблъун букIиналъе. Туризм цебетIеялъе лъикIаздасан цояблъун буго Унсоколо районалъул территория»,-ян бихьизабуна Р. Закаевалъ.

*Пайдаяб малъи*

## Спальнялъуб бецIго букIине ккола

ГIалимзабаз бихьизабуна спальнялда кьижулеб мехалъ искусственнияб канлъи бакун тезе лъикIаб гьечIилан. Гьелъ хехлъизабулеб буго организм херлъизаби ва церетIолел руго раковиял унтаби.

Гьединал шартIазда рес буго молочниял железабазда рак унти лъугьине. БецIаб бакIалда лъугьуна хасаб гормон – мелетонина гIолохъанаб мехалъ гьеб гормон лъугьуна 2,5 нухалъ цIикIкIун, херлъараб мехалдаса. Гьелъул къадаралда бараб буго жиндирго иргаялда гIадамасул гIумроялъул саналги. Гьеб буго къанагIатаб гормон: гьелъ гIодобе ккезабула инсульт, инфаркт ккей, кьаралъи, опухолал лъугьин. Гьединлъидал гIалимзабаз гIакълу кьолеб буго лъагIел бачIел лъимал ругеб рокъоб канлъи бакун тоге,-ян. Севералда рукIунел хъахIал сардазда минималиял дозабазда мелатонин гьекъе,-ян.

Китаялъул халкъияб медицинаялдаса

## Сахго рукIиналъул къагIидаби



БатIи-батIиял массажал, иглоукаливание – гьеле Китаялъул врачазул сахлъи цIуниялъул методал. Гьез рикIкIуна рукIкIалабигун хIалтIиялъ берцинлъи тIад буссинабулин, организмалда тIад асар гьабизе кIолин.

Китаялъул халкъияб косметология рикIкIуна гIолохъанлъи цIуниялъе, чорхолъ бугеб гIумроялъулаб энергия цIуниялъе кумек гьабулеблъун. Гьелъие китаялъулаз пайда босула ралъдал лъедасан ва гьелъул водорослябаздасан.

**Китаялъул берцинлъиялъулаб бальголъи**

НекIсияб Китаялда лъикIго лъалаан гиностемма абураб хер. Гьеб рикIкIунаан даимаб гIолохъанлъиялъул символлъун ва берцинлъи тIад буссинабиялъе гьелдасан пайда босулаан.

Европаялъул ва Китаялъул гIалимзабаз чIезабуна гьеб хер бугин женьшенго гIадаб хер. МугIрузда бижулеб гьеб хералъ тромпацитал лъугьунгутIиялъе квербакъула, эркенго би хьвадиялъе сосудал рацIцIад гьарула.

**Китаялъул гIумро ва гIолохъанлъи халалъиялъе бугеб ичIго къагIида**

I. ГIемер ххай ботIрол рас. Гьоркьо гIадин килщалги хIалтIизарун ххай бетIер надалдаса бахъараб гъванщинибе щвезегIан. КIванагIан гIемер гьабе гьедин. Гьеб гьабизе бегьула бигьа гьабунги. Гьеб упражнениялъ лъикI хIалтIизарула ботIрол энергетическиял точкаби, инабула унти, лъикIлъула канлъи, гIодобе уна давление. ЛъикIаб хIасил кьола упражнение радал гьабуни.

2. Гьумералъе массаж гьабе. Цоцада лъулъазаре огъохъатал хинлъизегIан. Бигьа гьабун бахъе гьурмадасан, байбихьуда нодоялдасан, хадуб кIиябго рахъалдехун, хадуб габур. Такрар гьабе 30 нухалъ. Гьабизе лъикIаб буго радал. Упражнениялъ бетIер тIадагьлъизабула, давление гIодобе ккола, кумек гьабула рукIкIелал инариялъе.

3. Упражнениял гьаре беразе. Бигьа гьарун квегIаб рахъалде руссинаре берал (I4 нухалъ), хадуб гьединго гьабе кваранаб рахъалдехун (I4 нухалъ). ЛъикIго къай берал, хадур рагье. Гьеб упражнениялъ лъикIлъула канлъи, лъикIаб асар гьабула тIулалъе.

4. Цоцазда лъулъазаре цаби-гIусал. Байбихьуда 24 нухалъ нахъаса гIусал, хадуб гьединго цаби. Гьеб упражнениялъ щула гьарула цаби-гIусал ва гьелъул эмаль.

5. ГIемер кIвекIи гъванца. Огъохъатаз рахай кIиябго гIин ва I2 нухалъ лъабабго гьоркьохъел килщаз лъухье гъванца. Гьединго лъухье гIундулги. Гьеб гьабе радал яги цIакъго нужго свакараб мехалъ. Гьелъ рагIи лъикIго рагIизе рес кьола, уна бетIер свери, лъикIлъула память.

6. ГIемер лъухье чехь. Цоцада лъулъазаре огъохъатал хинлъиледухъ. Гьел лъе цIинуялда, лъухье сверун гIатIидго чехь часовиял стрелкаби хьадулеб куцалъ. Гьедин гьабе 36 нухалъ, хадуб дандехунги. Гьелъ чехьбакь лъикI хIалтIизабула.

7. ГIемер лъухье хIатIал, кверал. ГIереде ритIе кверал, данде къай зарал. Руль кьурулеб гIадин кьур-кьузаре кIигъуждул (24 нухалъ кIиябго рахъалъ).

БакIида гIодор чIа, дудаго гъоркь лъе кверал. КвегIаб бох битIе гIебеде, битIахъе гIебеде битIараб бохалъул наку гьетIизабе, гьединго гьабе кваранабги. Гьабе 5-5 нухалъ. Гьединаб упражнениялъ суставазул унти инабула, сахцин гьарула.

8. ГIемер лъухье гъоркьхIатIал. Регилалде чуре хIатIал, огъохъатаз лъулъай хинлъизегIан. Хадур круговиял движениял гьарун лъухье кIиябго рахъалъ почкаби. Гьабе кIванагIан цIикIкIун. Гьелъ щула гьарула почкаби, канлъи лъикIлъула, лъикIлъула рекIел ва тIулал хIал.

9. ГIемер лъулъай черх. Огъохъатаз лъухье черх, гьадинаб иргаги цIунун. Байбихьуда ботIрол кIиябго рахъ, хадуб гьумер, кIигъуждул, кверал, (байбихьуда квегIаб хадуб кваранаб), керен, чехь кIиябго рахъалъ. Хадуб хьалбал, гьод, бохдул, байбихьуда квегIаб хадуб кваранаб). Гьелъ би хьвади лъикIлъизабула, тIом цIвакула.

# ХIалтIизе ине бокьани

Районалъул гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул Централъ лъазабулеб буго улкаялда батIи-батIиял бакIазде заманаялъ хIалтIизе ине бокьарал гIолилал ва чIахIиял ратани нижехъе рачIа,-ян.

Жакъа къоялде Москва областалъул автомобилазул нухазулал хIалтIабазе хIажат руго 50 чи, гьединго Тульская областалъул ва Крым республикаялдаги росдал магIишаталъул хIалтIабазда хIалтIизе хIажат руго I00 чи.

Гьел бакIазде унезе нухлул харж, квен, чIезе бакI чIезабула хIалтIул бетIергьабаз.

**ХI. ХIАЙБУЛАЕВ.**
**Централъул информационнияб хIалтIул специалист**

ЛЪАЗАБИ

Генуб гьоркьохъеб школалъ 2008 соналъул 20 юналъ МусахIажиева ПатIимат Шамсудиновналъул цIаралда кьураб № 05 ББ 0051155 бугеб аттестат билун буго. Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 3 . 8. 17 г. 14. 20
фактически -16. 20 мин.

.......................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.